This e-book was digitized from an original copy by the West African Research Association for the African Language Materials Archive (ALMA) project. Original funding for this project was provided by UNESCO and the Council of American Overseas Research Centers (CAORC) in cooperation with the West African Research Association and Columbia University.

Please see the following web sites for more information about the ALMA project, contributing authors, and more titles in the series.

- Digital Library for International Research catalog: http://catalog.crl.edu/search~S16
- African Language Materials Archive (ALMA): http://www.dlir.org/e-books.html
- African language materials including interviews in video and PDF versions, documentary video, translation work, and bibliographies can be viewed at http://alma.matrix.msu.edu.

# PUUKARE



DANIEL PERROT


Ceerno Seydu Sall

# PUUKARE

*Bindleen !*
*Nit ku nekk dafa ëmb,*
*Te bind moo di rewlekat bi.*

**Ceerno Séydu Sàll**

***PÉNC***


Villa
Puu Kare
BOR

# ÀLLAAJI, AJAA BOR

"Yaa ma gis"
Yóbbu la Màkka,
Ngay daagu
Diggante Safaa ak Marwa.
Rropplaanu "gisleen ma"
Wàcce la ci diggu koñ bi.
Nga sol mbubb
Mu Ajaa walla mu Àllaaji,
Bor yi di la siyaaresi,
Di la laaj waa Medina Munawar.
Nga ŋaaŋ,
Ni danga leen di may
Ndoxum sam-sam.
Ñoom ñu ni seen alal
Moo leen taxoona jóg.
Yow, ci bor nga demeewoon aji,
Kon gisagoo gën-gi-mbindeef.

Siyaareel fande ak děñe
Ñi ci kěr gi,
Nuyoonteel ak tabax biy waaja màbb.
Xam nga ni moos
Bukki bi nga nekke,
Mooy bi la yóbbu bayti araam.

## *LAM BU DIIS, YAX BU RËY*

Puukare, ma di lawbe
Puukare, ma di géwel.
Nga tëggal ma ci sa mbaar
Lam bu diis,
Suy ci deretu gor
Ngir jamono ŋàbb sama tur
Yéege ma juróom ñaareelu asamaan.
Maa ngi nii daanu
Sama ndigg damm,
Bor gas sama bàmmeel,
Jiite mbooloo mi may waaja rob
Ak ay doomam ak i sëtam.
Woykat yi ma doon joobe,
Ñoo ma fentaloon askan ni :
"Jamono ci yax bu rëy la jóge
Alal moo di deret tey jii."

Maa ngi nii ñàkk.
Ñu ni lawbe ak géwel
Ñoo di samay way-jur,
Lam bu diis
Dindi nañu ko ci sa loxo
Def ci sagar.
Puukare, yaa di "gisleen ma",
Moone yaa raw guddi gu lëndëm këriis.

## *PUUKARE AK BOR*

Puukare,
Nga gàddu loo mënul,
Ma ni la bor du am rakk,
Ndeke bàyyi nga ci àll bi
Bor yu am maam, baay, ndey,
Sët, nijaay, bàjjan, doomi jiitle,
Ba faf sanc askan.
Pukaare,
Gàddu nga
Ba bor siiwal sa gàcce

## *WARUGAR*

Ñeent ak tarañs dee.
Ci dëjam, woto, widewoo, alal,
Di ko jaale
Ba noppi wuutu ko ci jamono ji.
Jigéen ji doon jaayante ak jëndante,
Doon marsandiis.
Su xomaatee, boroom poos, boroom kër
Wuti ju bees.
Mbëggeel tumurànke,
Alal def ko jaam, jéng ko,
Warugar def ko ci bitigam
Di ko jaay.
Fase nekk buur
Di dox diggante yi yilif
Fi mbaxana doone benn.

## *BOR, BOROOM JAMONO JI*

Nga ñëw ci sunu àdduna si
Raylu, doylu
Sàmp sa kër ci diggu pénc mi.
Képp koo xaritool, xàwwi suturaam.
Ma gis ne
Am nga kàddu ak gëdda
Ci sunu jamono jii.
Bor,
Sa doom ji gëna regg te duuf,
Moo di puukare.
Ku ko ëmb juróom ñeenti weer
Sukk, jur ko di "gisleen ma"
Te su la bor tàncee,
Kenn du fekke, ni kenn du la tal.
"Gisleen ma",
Bés bu jamono nangoo lëndëmal say gët,
Jàmm ne ñoyy.

## PERKAALUB PUUKARE

Nga fekk ma ci dëj,
Tànt bi fees ak i doomi aadama
May tagg jëfi Yónnent bi,
Jëfam yu sell yooyule.
Nga xuus ci diggu mbooloo mi,
Ni ma jabb paasu Màkka :
"Man, Ajaa Faatu Gisleen-ma,
Maa la jox paas bii
Ngir nga siyaareji Rasóolu-Laa."
Sama naw rëcc,
Sama ngëm tiital ma
Ma xalaat ëllëg,
Bés-Pénc.
Ma ni la :
"Am na ku ma yót ba noppi,
Paasu Màkka
Te xamuma kana,
Baal ma àq."

Mu mel ni dañu la tuur ndox mu sedd,
Ajaa Faatu Gisleen-ma
Tey, kenn du la gis
Ni gën-gi-mbindeef laay tagg.
Wutil keneen ku la joobe
Ci diggu jamono.
Moone, sa ndey
Dawagul diggante Safaa ak Marwa,
Mu ngi ngeganaayoo xiif.

## *PUUKARE*

Gis naa la benn bés,
Nga sol njëgu dundub atu
Kër gu mag.
Ca ëllëg sa, nga leb lamu wurus
Bu njëg ga jéggi dayo.
Ca ngénte la
Nga maye ñaar-fukki-junni,
Ngay daagu, xaritoo ak bor
Dëkk ci këram di séy ak moom.
Nga suul tiitaange
Ci sa xol ak ci sa ruu,
Nga rey sa ngëm,
Rob ko, ngir gàddu,
Nàmpal bor ak njabootam,
Yar leen, yafal leen
Te teguloo ko ci dara.

Puukare,
Yaa jekk te tilim,
Bor moo di sa way-jur
"Gisleen ma" di biir bu la ëmb.
Sutura su xàwweeku
Soog laa mëna rawale.

## *PUUKARE*

Tase naa ak yow ci ngénte,
Tase naa ak yow ci takk,
Tase naa ak yow ci dëj.
Ngay sol, di summi
Fukki xeeti mbaseñ yu nuroowul.
Mbūbb mu nekk,
Njëgam ak ñawam
Mëna dundal ab dëkk.
Ngay bàkku
Te di ñaan sa boroom
Bor baña xàwwi sa sutura.
Boroom piis yi ak boroom ñaw yi
Àkksi la, ngay bëgga bënn suuf,
Réer ci.
Coow li ne kur,
Sa sañse wutali sën
Nga-tilim.

Moone, sanguwoon nga
Junni yoon.
Ñépp tàllal seen yoxo,
Laaj la seen xaalis,
Nga ñaq,
Mel ni muus mu naan diwlin,
Bor yi summi say mbubb,
Dindi sa ngemb,
Say bàkk faatu.
Mbooloo mi ŋaaŋ,
Xam ni bor moo la solaloon
Te amul sutura.
Taar, ci biir la,
Soxlawul yéere.

## PUUKARE

Seen naa la ci dëj,
Nga xottilu mbubbu wurus,
Sa takkaay di wootal xawaare.
Ndeke, dangaa fen
Ba rey sa moroom
Ngir jaaxal jamono
Ci bés bu tiis bii.
Moone sa ndeya faatu,
Li nga ko naroona dëje,
Moom ngay xawaaree.
Ñépp di la seetaan
Ngay daagu.
Say rangooñ dee nañu yàgg na.
Puukare,
Xew-xew bu ne,
Bëgga siiw,
Dinañu la taxa sóobu
Ci géeju bor.

Puukare,
Xamatoo pénc mu tiis,
Su dee teewee, ngay wut ku la tàccu,
Ku la ñee, na xam ni,
Bor moo la siiwal
Ci géewu toroxte.

## NGUURUG PUUKARE

Ngay falu,
Dig ma ay déegi meew,
Ay géeji gànjar.
Nga xoymat ma àjjana,
Ma fal la, nga folli sama jàmm
Ju néew ja ma amoon.
Rafle di ma ñawal ay xiit-mball,
Taxawaalu doon sama liggéeyukaay,
Wëraalu doon sama sëriñ,
Bu may jàngal ay saari am jot.
Jamonoy pal dellusi
May nelaw,
Di xàndoor,
Di gént sama jàmmi ëllëg.
Nga fëgg sama néeg,
Yee ma, ma dégg sa baat,
Gëna sàngoo sama mbalaan
Naan la : "Bukki, yàpp amatul."

Dootuma fal sama toroxte,

Naxee mbaay jàngal na ma àddina.

Puukare,

Jébbal nga samay bëgg-bëgg.

Bu ma digati sama gàcceg ëllëg.

## NGISTAL

Aka tabewoon !
Te bàyyiwul kër,
Te tabaxul ëllëgu doomam yi.
Aka tabewoon !
Te bàyyi rafle, xiif ak mar
Ñuy teete, di wuuf di boot njabootam.
Aka tabewoon !
Te amul gis-gisu ëllëg,
Aka tabewoon !
Te dëñe ak fande di ndawalu njabootam.
Aka tabewoon !
Te di wor ci anam gu nekk
Warugaram,
Aka tabewoon !
Te di tabax "turu-moo-baax"
Ci dundu këram,
Di ñaw mbootum "turu-moo-baax"
Ci tumurànkeg njaboot gu sew gi.

Yow tabewowoon,
Ngistal moo doon dox
Sa diggante ak àdduna.
Moone ngistal dafa xëy
Tabe gont,
Ngóor, soo tabewoon,
Sa njaboot du wëraalu,
Xaaraan di ko dundal.

## *DËJU TOOGAANU*

Nga toog ci sama dëj,
Lal daayirab jëw, nettali ak fen.
Sa xoolin wu ñaaw
Di summi sama soxna yii di muuru.
Nga toog ci sama dëj ay bés,
Di laajte yàpp, res, coof.
Alal jooju xajoon na ci sama njaboot,
Ni maa ngi nii dem
Te xam xéll ni di nga fi gëj.
Nga toog ci sama dëj
Di wure, di laajte ay fasi "Peyimi"
Yooy nara jaabal ci sama bàmmeel.
Nga toog ci sama dëj,
Di sama mag walla sama rakk
Ngay giiroo jaxal yi ak sama waa-kër.
Lu ñu la jox nga dénc,
Loo gis ci layu bi,
Nga séddoo
Ak sama njaboot gu sew gi.

Nga toog si sama dëj,
Ñu bokk genn geño, menn meen.
Amaguma sax
Ñetti fan ci bàmmeel,
Sax yi siyaareeguñu ma sax,
Nga bëgga lal séy xaat
Ak sama jabar.
Defewoon naa ne di nga séexlu
Sama soxna.
Defewoon naa ne di nga
Doon samay tànk ak
Samay yoxo.
Maa ngi lay séen fii
Ci sama bàmmeel,
Sa jëf jooju mu ngi nii
Di waxtaan ak man
Ci sama bàmmeel.
Àdduna du kër.

Nga toog ci sama dëj
Ni maa fi gën
Te démb rekk nga niwoon
Maa fi yées.
Ku dee baax
Ndax kenn ñemewul dee,
Kenn ñemewul tukkib barsàq bi.
Nga toog ci sama dëj,
Di yar koll, di géex, di gall,
Tee ngaa làlli basaŋi jëw,
Ak nettali ak fen yi.
Neel mott ñaanaliji ma ca sa kër.
Sama dëj ñëw na
Ci sama bàmmeel
Ni ma regg na, duuf na, am na alal
Te xamal na ma ni
Mbooloo ma ñëwoon ci sama dëj,
Fàtte nañu sama njaboot.

## *NGÉNTE - TAKK*

Nga dajale ay at,
Bëgga siiw, am tur
Ñu lay waxtaane.
Nga ni dangay jënd tur,
Ba ñépp ame la ca ja ba
Te amoo dara.
Deel diisoo ak sa am-am,
Di dëkk ak moom, di añ ak moom,
Dii reer ak moom, di déggoo ak moom
Di ko tàggu saa yooy génn kër gi.
Ngeen di ànd di tukki ci réewum nooflaay
Mu ñu tudde doylu.
Fayeeku du fa ni naam daraame,
Bor du fa toogaanu.
Ngénteem réyoon na lool,
Ñam ya ni gàññ,
Géwél ya di xàqataay, di dajale seen alal.

Kenn mësula def ngénte lu neexe nii,
Ne sa bés bii.
Jamono ŋàbb sa tur, nga siiw ci benn fan,
Ñu ayibal la ca ñaareel ba.
Bor ak i doomam seetsi la,
Mënatoo xàndoorati,
Ñu bundaxaataal la
May la riir, amatoo jàmm,
Ñu lay waaja tëjlu.
Say dëkkandoo di la reetaan.
Kenn ne :
"Moo, ma defewoon ni dafa gañe "Peyimi !"
Siiw du dara, wërsagu àdduna la,
Looy doye tur ?
Moone, am na
Ñu xaritoo ak seen am-am
Di ànd ak moom.
Njuumte gëj na leena seetsi.

## YÉERE DU NIT

Jëlal mbaam-xuux
Solal ko li nasaraan yiy woowe
"Kostim"
Takkal ko gànjar, wurus, xaalis.
Moone sëriñ bi
Mbaam-xuux,
Mbaam-xuux rekk lay doon
Téy ak ëllëg.
Ngóor si solu ba jekk,
Jël alalu réew mi
Dénkaanee ko bitim réew,
Moo di nit, ndax dafa sol "kostim",
Toroxal, xiifal junniy baadoola.
Ndax yéere moo di nit ?
Nite, alal ju kenn mënul xayma la,
Moo di rafetaayu biir.
Biti, mëna jekk.
Biir, lëndëm këriis.

Nite jant la,
Jëf ju sell moo di
Ndeyam ak baayam.

## KADDU MBALIT

Nga sangu ba set, solu ba jekk,
Bale ba beccali sa kër,
Man mbedd mi, nga def ma sën.
Moone say doom,
Maay seen ëtt,
Fii ci man lañuy fowe.
Soo lekkee ba regg,
Sànni ma say desit,
Ma ñaaw, xasaw xunn,
Jural la ay jiwuy jàngoro.
Moo ! Ana say déñcukaayi mbalit yi ?
Sàkkal ay pexe fat, lakk mbalit mi.
Man mbedd, am naa bakkan,
Ruu, yaram, ndax ci këri
Doomi aadama yi,
La ma sama boroom boole.
Yow nit ki, foo tollu di ma tilimal,
Su sën yi jéggee dayo ngay joytu.
Xanaa xamoo ne sa jëfa ?

Mbalit amul tànk,

Yaay baayam, di ndeyam, di maamam.

Sa jëf ju ñaaw moo tax

Sën am njaboot,

Askan,

Doole.

## WOOTAL

Ma uuf sama njaboot,
Ñibbisi bundaxataal ma,
Dëkk ci sama xel,
Sama fit rëcc, sama naw dagg.
May janeer réew ma,
Xajatuma fenn.
Ma xëy jaar bànk ba, jël ropplaan,
Ni Ndakaaru maa ngoog.
Ma ñëw, nga may laaj alal
Anam wu nekk.
Sama jabar jaaxle, mujj xaru,
Sama ñaari bant ya tumurànke,
Man ma dof di wër ci mbedd yi,
Di yuuxu : "Tugal, Tugal, Tugal..."
Amalatuma la njariñ,
Teg nga ma nattu.
Sama ndey nga,
Loolu taxul ñu wara dëkk ba fàww.

Tey àdduna
Moo di këru bépp doomu aadama,
Réew dee na.
Wootal dinaa la suuxat,
Nga doon baayi nit ki ci réew mi mu tànn.

## *TAKKANDEER*

Ñu nekk Tugal, nga ni ma,
Jigéen ak góor ñoo bokk warugar
Ci kër gi.
Ngay togg, di fóot, bale, dem ja ba.
Ñu ñibbisi ci réew mi, nga xamal ma ni fii,
Yaa fiy sol tubéy,
Yaa di boroom kër gi.
Fii réew mi la,
Nga ni yaay dogal,
Te mayatoo ma benn cér.
Nga yëgal ma ni
Bëggatoo dégg sama baat ci kow.
Ma ne : "Déet waay !"
Nga yëgal ma ni,
Mën ngaa wut ñaareel.
Man de,
Jommi naa ci sa ñaari doxalin yooyu,
Tugal ak Senegaal bokkuñu àtte ?

Sama goro yi ne menteñ
Ba réer ci sunu séy bi.
Sa ndey ak say jigéen ngay déglu
Amatuma baat ci sama kër,
Sama jàmmi Tugal ja saay na.
Jikko ju rafet
Nee na ma biig
Dëkkul fenn.
Ku ko woo
Mu wuyu la.
Sama boroom-kër,
Takkandeeru ka ma xamoon la.

## WOƊI GORO

Nga uufal ma njaboot gi,
Jébbal ma sa ndey,
Wuti ñaareel ak ñetteel.
Su ma xëyee, jaaxle,
Dénk sama tiis tani.
Maa ngi nii diig ci sama nàqar,
Pettaaw di ma dig bànneex.
Sa ndey ame ma,
Ɗàbb ma, ne dëmm laa,
May ma riir, toroxal ma ci koñ bi,
Di ma sosal, ñemewumaa génn
Bala mu may dëkkal këru cagatu.
Maay mbindaan mi,
Te duma dégg jaaraama,
Sama xol di naqadi,
Mu koy togg ci safaraw jëw.
Dóom, man mii moo ma gëna dund.
Ana sama jëmm ?

Léegi takkandeer laa,
Léeg-léeg nga jaar, raay ma,
Xuri ma, ma jur doom,
Nga demati.
Kañ laay tase ak mbëggeel ?
Sama njaboot gi moo ma jaaxal,
Di ma jaxal, di sama jëkkër,
Néew sax moo ma tane.
Sa néegu séy bii ab perkaal la.
Ëllëg dinaa dékki,
Jóg, ndax jóg jot na,
Wodd na ma ba ma dëggër.
Ngembu naa,
Maa ngi bëreji
Ci làmbu àdduna.
Xàddi moo ma bàkk
Ne ma dinaa daan.

## NDAX MAA MOOM SAMA YARAM ?

Musiba ak balaa nekk réewu taax,
Soo ñëwee jébbal ma leen,
Ma di sa jabar,
Amuma kàddu ci sama yaram,
Amuma sañ-sañ ci ndigal.
Maa ngi diig ci sa musiba : sidaa.
Soo ma yëgaloon sa jàngoro,
Ñu sàkk ay pexe,
Waxtaan ak xeltu,
Diisoo ak moom.
Nijaay, maa ngi nii di dem barsàq
Te liggéeyuma ko,
Te du ndogal,
Sa jëfa...
Maa ngi fàttaliku,
Saa yoo ñëwaan,
Sóob ma ci géeju jàngoro,
Sama ngor ni ma :
Neel cell.

Téy, dinaa xaacu,
Ni siidaa ak bàmmel
Ñoo bokk genn geño :
Wëraalu, taxawaalu.
Xam naa ni say cér,
Anam wu ñu yëngatoo
Nga àddu leen, wuyu leen
Ci nu ñu ko bëgge.
Tey nun way-jur yi,
Dinanu wuyuji sunu Boroom,
Xale yi wéet, tumurànke, loru,
Nekk ay jirim, te man jëfuma ci dara.
Démb laajoon nga ma sama ndaw,
Aada jébbal la ko.
Tey sama bakkan, aada yót la ko.
Sañuma la ni soo kaalawul yëf yi,
Doo ma raay.
Sidaa, dee moo di turam ak santam,
Askanam, ay ñaawteef doŋŋ lañu.
Sidaa rob nanu, yóbbu nu àllaaxira.

Li tax may xaacu
Moo di jigéen ñi sañ nañoo
Sàmm seen yaram.
Pénc maa ngi lay indil
Waxtaan wu am solo :
Sidaa,
Balaa bu juddu ci sunu jamono,
Bu kenn warula nëbb la.
Ñépp war nañu cee jël kàddu,
Ci digg bëccëg, ci digg pénc.
Man, tàggu naa leen,
Sama nijaay bóom na ma.
Sama dee,
Dina mëna aar
Dundu ay junniy junniy jigéen.
Siggi naa, sama ruu am na njariñ,
Jigéen ñi duñu xarooti.

## JËFËRUG SIDAA

Man sidaa,
Ab dëmm laa,
Ab nooxoor laa,
Samay géeji deret
Ñu ngiy baawaan ci àdduna bi.
Samay sëg, ñu ngi sampu ci dunyaa bi.
Képp kuy bàyyima dinaa la faat.
Nga ne Saytaane moo di sama baay
Xamal kon ni nit moo di sama ndey,
Ni moo ma ëmb juróom ñeenti weer,
Sukk jur ma ci jamono ju lëndëm jii.
Lan moo ma mëna jéng ?
Xeltu ak ay pexeem ñoo di sama cat,
Ñoo di sama mbañ
Ndax kaala nañu seen yaram,
Fonk ko, jàpp ci seen junniy yoxo.
Fatal dénkaaneb Yónnent bi,
Nee na am na xare bu gëna metti
Xare Badar : mën sa bakkan.

Man sidaa ku dul wëraalu,
Ku yem ci jabaram,
Duma la tudd, duma la taas
Te duñu xamante ba mukk.
Maa di, man sidaa,
Saytaane su taaru, su rafet
Waaye yaram wu ma dajeel bóom la,
Seeñu say yax, naan sa yuq,
Ku ma jàpp nga nëbbu,
Di nga nëb, oos, dee...
Saa suma ñëwee seen kër,
Indil naa leen perkaal.
Man sidaa, xeltu moo ma mëna daaneel,
Seen jamono jii dinaa ci faat lu bari.
Mënuleen seen bopp.
Booba ba léegi kenn indeegul sama saafara.
Ndax bànneex jar na bàmmeel ?
Man Sidaa, képp ku ma jàpp
Dinaa la toroxal ba noppi, sogg lay rey.

Ngëm, cet ci biir ak ci biti,
Baña doon bàyyima moo ma mëna dàq,
Yow mii ci sa kër.
Man Sidaa
Dinaa jéng njaaloo, fonkloo la sa yaram,
Dénk naa la xeltu walla bàmmeel.
Yaa ci des.


## DOYLU

Ma ñëw sa réew,
Nga nuyule ma ak ngëm.
Samay bëgg-bëgg ak sama am-am
Bokk genn geño, menn meen,
Bokk di añandoo,
Di ndekkeendoo, di reerandoo,
Di fandeendoo, di dëñeendoo.
Doylu, gis naa ci sa dëgg
Sama Boroom.
Ay biddéw yu doy kiimaan
Di ma won lu leer,
Yoonu sutura.
Puukare, war na fee ñëw fajusi.
Jàngaroom, moo di sóoraale,
Teew xew-xewi jamono ji doŋŋ.
Puukare, ay gët yuy nettali
Ñoo ko tax di fecci,
Di ñàkk alalam
Xamul Bés-Pénc,

Gisul Boroomam.
Gànjar, wurus, ñoo di diineem,
Doylu, sa këran jàmm
Moo fay ndox, di fa reer, di fa añ,
Di fa ndékki.
Lëj-lëj toxoo na fa boobee.
Doylu, fase nga sunu jamono jii,
Dëkki asamaan ngir ëllëg.
Ku la jaamu, jàmm nekk kilifaam
Di ko aar guddi ak bëccëg.
Doylu, dénk naa la sunu jamono jii
Ngir nga faj ko,
Waxloo ko,
Ni "gisleen ma" fajul kenn,
Jàngoro ju tiis la te diis.

## *XÀWWEEKUB JAMRA BU PUUKARE*

Yaay, ma bànk
Nekk ca bànk ba,
Nga ne ma : tibbal ca alal ja
Te yót ma paasu Màkka,
Ak lu ma jënde marsandiis.
Nga aji, ñu nëbb ma jant bi.
Gàcce teeru la ayeropoor.
Puukare bu muuru gàddu say waliis
Ñépp di nu mbamb,
May nu riir.
Xàqataay di la siyaaresi,
"Gisleen ma" faatu,
Sa toroxte di ko ténj.
Jërëjëf, yaa ngi nii
Di ma yót ndoxum sam-sam
Ci kaso bi.


Puu Kare, dama bànk ndax fonk bor.
BÀNK
Bor
1000 000 000
1000 000
1000